

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kasalahan léksiko-semantik dina karangan narasi anu disusun ku siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014. Ari nu jadi sumber datana nyaéta sakabéh hasil karangan narasi siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014. Tina éta data, satuluyna karangan narasi anu ngandung kasalahan léksiko-semantik dipasing-pasing dumasar kana wanda kasalahan léksiko-semantik, anu ngawengku (1) kasalahan ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda (2) kasalahan struktur léksikal, jeung (3) interférens. Jumlah karangan narasi anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta 30 karangan.

3.2 Desain Panalungtikan

Sangkan panalungtikan lumangsung kalawan lancar, tangtu baé perlu aya desain panalungtikanana. Ari nu dimaksud desain panalungtikan dina ieu panalungtikan nyaéta rarancang dina wangun bagan atawa gambar, anu nuduhkeun léngkah-léngkah anu dilakukeun ku panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan kagambar dina bagan 3.1 ngeunaan desain panalungtikan.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Ratna (2011) (dina Abdillah, 2013, kc. 22) nétélakeun yén méthode asalna tina basa Latin nyaéta *methodos*, anu hartina cara-cara, stratégi pikeun maham kana réalitas, jeung léngkah-léngkah sistematis dina ngungkulan runtuyan sabab-akibat. Ari fungsina nyaéta pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan.

Dina seuhseuhanana mah méthode téh mangrupa tarékah anu sistematis pikeun ngahontal hiji udagan sangkan maham kagemblengan dina hasil panalungtikan.

I Wahyudi Sofyan, 2014

Kesalahan Leksiko-Semantik Dina Karangan Narasi Siswa Kelas VII- C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013-2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ku kituna, unggal panalungtikan merlukeun métode anu luyu jeung udagan anu baris dihontal, jeung ahirna nyangking atawa maham kagemblengan kana pasualan anu nyampak.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif mangrupa métode anu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, situasi, kajadian, kagiatan jeung sajabana, anu hasilna disusun dina wangun laporan (Arikunto, 2010, kc. 3). Nilik kana éta hal, métode déskriptif dipilih lantaran luyu jeung tujuan panalungtikan, nyaéta pikeun ngadéskripsikeun kasalahan léksiko-semantik dina karangan narasi siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré tur nyingkahan ayana salah tapsir ti nu maca, ku kituna judul ieu panalungtikan baris dijéntrékeun dina wangenan operasional ieu di handap.

a. Kasalahan Léksiko-Semantik

Kasalahan léksiko-semantik nyaéta kasalahan ngalarapkeun kecap dina basa anu teu luyu jeung hartina.

b. Karangan Narasi

Karangan narasi nyaéta wangun wacana anu eusina nyaritakeun lumangsungna kajadian atawa peristiwa kalawan ngaruntuy, boh sipatna nyata (faktual) boh sipatna rékaan (imajinatif).

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203), instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu dipaké panalungtik pikeun meunangkeun sarta ngumpulkeun data panalungtikan. Data panalungtikan diperlukeun pikeun ngajawab pasualan dina ieu panalungtikan. Ari nu jadi tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan kasalahan léksiko-semantik dina karangan

narasi siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014.

Instrumén anu digunakeun pikeun meunangkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta instrumén tés anu mangrupa lembar tés ngarang. Ari nu digunakeun pikeun ngumpulkeun datana nyaéta ngaliwatan kartu data.

a. Lembar Tés Ngarang

Ieu lembar tés ngarang téh eusina ngeunaan pituduh atawa katangtuan pikeun nulis karangan narasi. Anapon format lembar tés ngarangna, saperti ieu di handap.

Wasta	:
Kelas	:
No. Absén	:
Mata Pelajaran:	
Soal!	
Jieun hiji karangan narasi anu témana ngeunaan pangalaman salila liburan, dina kertas anu geus disadiakeun! (Minimal 3 paragraf)	

Bagan 3.2 Lembar Tés Ngarang

b. Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data kasalahan léksiko-semantik anu aya dina karangan narasi siswa. Anapon format kartu datana digambarkeun saperti kieu.

KARTU DATA	
Kalimah	: <i>Pada</i> lami di dinya téh. (KN1/12)
Kecap nu teu luyu jeung ma'na (semantik):	<i>pada</i>
Kuduna:	sarua
Wanda Kasalahan:	Kasalahan homonim patumpuk

Kesalahan Leksiko-Semantik Dina Karangan Narasi Siswa Kelas VII- C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013-2014

Bagan 3.3 Kartu Data

Data kasalahan léksiko-semantik anu kapanggih dina karangan dibéré kode. Éta kode téh eusina nyaéta (1) nomer karangan siswa, jeung (2) baris tempat kasalahanana. Contona:

(KN1/12) ...*pada* dinten éta...

Hartina, éta kasalahan téh kapanggih dina karangan nomer 1 baris ka 12.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta téhnik tés. Ieu téhnik digunakeun pikeun meunangkeun data kasalahan léksiko-semantik dina karangan siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014. Anapon léngkah-léngkah ngumpulkeun datana kieu:

- 1) ngayakeun tés ngarang karangan narasi;
- 2) ngumpulkeun hasil karangan narasi siswa;
- 3) macaaan hasil karangan siswa;
- 4) nyirian sarta méré kode kasalahan léksiko-semantik anu aya dina karangan narasi siswa; jeung
- 5) nyatet kasalahan léksiko-semantik kana kartu data.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis data. Data anu geus dikumpulkeun tina perlu ditapsirkeun, sangkan bisa méré gambaran anu leuwih jéntré kana masalah anu jadi puseur panalungtikan. Sanggeus data dikumpulkeun, satuluyna data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti kieu:

- 1) macaan deui karangan narasi siswa,
- 2) data anu ngandung kasalahan satuluyna dinomeran,

- 3) satuluyna data kecap anu ngandung kasalahan léksiko-semantik dianalisis,
- 4) sanggeus dianalisis, satuluyna diklasifikasikeun dumasar kana wanda kasalahanana, jeung
- 5) nyieun kacindekan tina sumber data anu kapanggih.